# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 दिसंबर 2024 भोजपुरी समाचार

उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग द्वारा आयोजित पीसीएस प्रारंभिक परीक्षा 2 हजार 24 आजु प्रदेस के पचहत्तर जिला के 13 सौ 31 परीक्षा केन्द्रन पर पूरा हो गइल। परीक्षा के सकुसल नकलविहीन अउर पारदर्सिता से करावे बदे आयोग की ओरि से सज्जों इतेजाम कइल गइल रहे। परीक्षा क निगरानी सीसी कैमेरा से करावल गइल सज्जों अभ्यर्थियन के बयोमेट्रिक सत्यापन के बादे परीक्षा केन्द्र में प्रवेस दिहल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नही गोरखनाथ मंदिर के महंत दिग्विजयनाथ सभागार में परंपरागत क पूजा अर्चना के बाद जनता दरसन कइले। येह दौरान उहां के एक सौ पचास लोगिन का समेस्या सुनली अउर समाधान क भरोसा दिहली। उहां के कहलीं कि सरकार हर जरूरतमंत अउर पात्र लोगिन के सरकारी योजना क फायदा दियावे बदे संकल्पित हौ सथहीं सज्जों समेस्या के हल बदे प्रतिबद्ध हौ। लोगिन क समेस्या सुनत मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेस दिहले कि ऊ समेस्या के निस्तारण में संवेदनसीलता देखावें।

**********

केन्द्रीय उपभोक्ता संरक्षण प्राधिकरण यूपीएससी परीक्षा 2 हजार 23 के नतीजा के बारे में भ्रामक दावा के विज्ञापन बदे प्रतियोगी परीक्षा क कोचिंग वाले एगो संस्थान के 2 लाख रूपिया क जुर्माना लगवले हौ। उपभोक्ता कार्य मंत्रालय एगो बयान में कहले हौ कि ई कोचिंग संस्था अपने प्रशिक्षण विज्ञापन में दावा कइले रहे कि यूपीएससी क सीविल सेवा परीक्षा 2 हजार 23 में पहिला सौ परिक्षार्थियन में से तेरह उपर से 2 सौ में 28 अउर उप्पर क 3 सौ में 39 परिक्षार्थी उनके संस्थान से हवे जवन की भ्रामक दावा हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने नव नियुक्त नौजवानन के वीडियो कॉन्फ्रेंसिग के जरिया से नियुक्ति पत्र बटिहें अउर लोगिन के संबोधितों करिहे। हमारे संवाददाता बतउले हवे कि ई मेला राष्ट्र निर्माण अउर स्वरोजगार में नवयुवकन के भागीदारी क मौका देइ।

**********

यूपी बोर्ड क इंटरमीडिएट प्रायोगिक परीक्षा 23 जनवरी से सुरू होके 8 फरवरी ले चली। पहिला फेरा में 23 से 31 जनवरी ले आगरा, सहारनपुर, बरेली, लखनऊ, झांसी, चित्रकूट, अयोध्या, देवीपाठन अउर बस्ती मंडल में परीक्षा होइ। जबकि दूसरा फेरा में 1 से 8 फरउरी ले अलीगढ़, मेरठ, मुरादाबाद, कानपुर, प्रयागराज, मिर्जापुर, बनारस अउर गोरखपुर मंडल के जिला में परीक्षा होइ।

**********

महाकुंभ 2 हजार 25 दिव्य–भव्य होवे के सथहीं डीजिटलो होखे जा रहल हौ। सुरक्षा प्रबंधन के देखत महाकुंभ मेला में ऐडवांस्ड एआई डेटाड्रिवन, डेटा एनालिटिक्स सॉल्यूशन सिस्टम के लागू करे क प्रक्रिया क सुरूआत हो गइल हौ। पेस हौ एगो रिपोर्ट

***महाकुम्भ के दौरान सुरक्षा से लेकर अन्य इंतजामों के लिए तकनीक का इस्तेमाल किया जा रहा है। महाकुंभ मेला के वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक–एसएसपी राजेश कुमार द्विवेदी ने बताया कि इस प्रक्रिया को पूरा करने और सर्विलांस के लिए एक विशिष्ट टीम का गठन होगा, जो इस सिस्टम को लागू करने, प्रत्येक पुलिसकर्मियों और सुरक्षा स्टाफ को ट्रेंड करने साथ ही विभिन्न प्रकार के रिपोर्ट्स के निर्धारण एवं निर्माण में मददगार साबित होगी। एसएसपी ने बताया कि इस सिस्टम से पुलिस का सर्विलांस और अधिक मजबूत हो जाएगा, जिससे श्रद्धालुओं की सुरक्षा के साथ ही मेला संचालन के लिए प्रभावी रणनीति बनाई जा सकेगी। आकाशवाणी समाचार कक्ष से ओम अवस्थी।***

**********

मध्य रेलवे प्रदेस के प्रयागराज में होवे वाले महाकुंभ मेला बदे 34 स्पेसल रेलगाड़ी चलउले क घोषण कइले हौ। 13 जनउरी से 26 फरउरी ले चले वाली ई सज्जों रेलगाड़ी मुम्बई, पुणे, नागपुर आ अउरियों सहर से चली। येह रेलगाड़ियन के टिकट बुकिंग सुरू हो गइल हौ। येह में बिना आरक्षणों के यात्रा कइल जा सकी। ओहर पूर्वोत्तर रेलवे प्रसासनों महाकुंभ बदे चार एक्सप्रेस ट्रेनन के 10 जनउरी से 28 फरउरी ले नैनी स्टेसन पर 2 मीनट रोकले कै फैइसला कइले हौ।

**********

प्रदेस के गोरखपुर समेत तकरीबन सज्जों पूर्वी जिला में कोहरा बढ़ी गइल हौ। दिन में धुन्ध रहले से धूप क चमक मद्धिम भइल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक अगिला 2 से 3 तीन दिन ले मौसम सुस्क रही अउर देरि राति से भिन्नही ले कोहरा रही। जेहसे तापमान में 2 से 3 डिग्री सेल्सियस ले गिरावट दरज कइल जाइ।

**********